

Edikasyon Lokaté epi Lign Sipò Legal (REÈL)

Yo Sezi Kay ke Mwen Lwe a



Legal Services of Greater Miami, Inc.
www.lsgmi.org
www.real-lsgmi.com

Ki Sa Ki On Sezi (Foreclosure)?

- Si mét kay ou a pa peye mògej li, kompayi mògej la ka fé on aksyon "foreclosure" kont li.
- On "foreclosure"/sezi se on aksyon an jistis ke kompayi mògej la fé nan tribinal lé mét kay la pa peye mògej li. Nan sezi a, kompayi mògej la mande tribinal la pou li van-n propriete a pou li peye mògej la.

Mwen Se On Lokaté Sélman - Pouki Sa Yo Sévi Mwen?

- Si gen on sezi ki fét kont mét kay ou a, paske ou se on lokaté ki abite nan propriete a, yo pral sévi ou jeneralman ak on aksyon an jistis pou sezi a. Lé yo sévi ou a sa vle di ke swa "Sheriff" la o sinon on moun ki sévi aksyon jistis pral sévi ou on fotokopi aksyon an.
- Kòm on lokaté, ou se on pati nan aksyon sezi an jistis la, men nan plen sezi a yo pral refere ak ou tankou "unknown tenant (lokaté ke yo pa konnen)" o sinon "John/Jane Doe."

Ki Sa Mwen Dwe Fé Si Yo Sévi-m Ak On Notis Sezi (Foreclosure) Kont Mét Kay Ou a?

- Men-m si propriete a pa pou ou, ou ta dwe fé on Repons a Sezi/foreclosure la. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou ou fé sa, refere ou nan ti livré LSGMI ki titre "How to File an Answer to a Lawsuit". Nan repons lan eksplike ke:
 - * Ou abite nan propriete a
 - * Ou lwe propriete a.
 - * Si ou gen on kontra, di sa nan Repons ou an
 - * Di ki lé trontra ou a pral expire
 - * Nan Repons ou an mete on fotokopi kontra ou a la dan-l

- Si ou fé on repons, sa pral di jij la epi konpayi mògej la ke gen on lokaté ki abite nan kay la.
- Yo pral mete ou o kouran tou si genyen ninpòt dat jijman konsénan ka-a. Si ou pa fé on Repons, ou ka pa resevwa notis konsénan aksyon sezi a ki an jistis, epi ou pa pral konnen ki sa ki pral pase.
- Si mét kay ou a pat peye mògej la epi ou vle soti nan kay la, ou ka voye voye on lét bay mét kay ou a ki eksplike ke ou ap témine kontra lweyaj la ak li nan 7 jou paske li pa peye mògej li.
- Ou ka gen lòt reklamasyon tou kont mét kay la, men ou dwe wé ak on avoka anvan ou pran aksyon legal.

Éske Mwen Genyen On Dwa Kélonk Si Propriete a Te Pou Mwen On Tan Anvan sa?

- Si ou abite nan on kay ki te pou ou anvan **epi** ou gen opsyon pou ou re-achete li, li empòtan ke ou ekri Repons sa-a.
- Ou ta dwe tou pale ak avoka pa ou paske la lwa nan sitiasyon sa-a konplike.

Ki Sa Mwen Dwe Fé Si Mét kay Mwen an Di Mwen Ke Li Panse Rete Sezi Ya?

- Si ou resevwa on plent sezi, ou ta dwe kontakte mét kay ou a pou ou ka konnen ki sa ke li gen entansyon fé.
- Anpil fwa, apré on sezi fin-n depoze nan tribinal, mét kay la peye kompayi an ase lajan pou li sispan-n sezi a o sinon aplike pou "bankruptcy." Si mét kay la fé sa, sa ka sispan-n sezi a o sinon anile li.
- Men-m si mét kay la di ou konsa ke li pral sispan-n sezi a, ou ta dwe voye on repons nan tribinal konsénan aksyon an jistis la.

Ki Sa Mwen Ta Dwe Fé Si Mét Kay Mwen an Di Mwen Ke Li Pa Ka Stope Sezi a?

- Si mét kay ou a di ou konsa ke li pa-p rive sispan-n sezi a, o sinon si ou pa ka jwen mét kay ou a, ou ta dwe fé on Repons nan "foreclosure" la epi kòmmanse chéche on nouvo kote pou ou rete.
- Legalman, ou dwe kontinye peye lweyaj ou bay mét kay la pannan posedi sezi a.
- Si mét kay ou a pa aksepte lajan lweyaj ou, ou ta dwe sere lajan lweyaj la an ka mét kay la ta fé on eviksyon kont ou.

Ki sa Ki Ka Rive Si Yo Sezi Mògej la?

- Si mét kay ou a pa sispan-n sezi/foreclosure la, Tribinal la pral ran-n on desizyon final kont mét kay ou a.
- Tribinal la pral fikse on dat pou vant kay ki sezi a. On fwa ke yo van-n propriete a, kay la pral gen on nouvo mét.

Èske Nouvo Mét Kay La Ka Fòse Mwen Sòti Nan Kay La?

- Le 20 Me 2009, Prezidan Obama te siyen on “Protecting Tenants in Foreclosure Act.” Sa chanje la lwa konsénan lokaté ki ap fé fas ak koze “foreclosure.” Tankou nimpòt lwa ki fenk parèt, genyen kesyon sou ki sa nouvo lwa sa-a vle di. Ti livré sa-a baze-l sou lekti nou sou nouvo lwa-a epi li ka chanje on fwa ke jij ran-n desizyon sou li.
- Si kontra ou ekspire o sinon si ou pat gen on kontra, nouvo mét kay la dwe ba ou on notis ekri 90 jou pou ou kite kay la.
- Si ou gen on kontra, nouvo mét kay la dwe kite ou rete nan kay la jiska fen kontra-a anvan li kòmanse posedi eviksyon kont ou. Men-m si ou gen on kontra mét kay la ka fé ou kite kay la pi vit si li vle abite nan kay la. Men, li dwe ba ou 90 Notis pa Ekri pou ou kite kay la.
- Si Notis pou ou kite kay la fini epi ou poko soti, nou kwé ke nouvo mét kay la dwe fé on aksyon eviksyon pou fòse ou soti nan kay la, tankou nimpòt mét kay ta dwe fé.
- Men-m si nou entèprete lwa-a pou mande mét kay yo fé on aksyon eviksyon separe, poko gen on desizyon sou sa ki soti. Alò, nouvo mét kay la ka mande jij “foreclosure” la pou on “Writ of Possession” san li pa fé on aksyon eviksyon. On “Writ of Possession” se on dokiman kote Tribinal la bay on lòd a Sheriff la pou li retire afé ou ki nan kay la mete yo deyò.
- Si ou toujou ap viv nan propriete sa-a epi nouvo mét kay la fikse on jijman pou on “Writ of Possession,” Li tré empòtan ke ou ale nan jijman sa-a pou ou ka di Jij la ke ou se on lokaté ki abite nan kay la e ke nouvo mét kay la dwe fé on aksyon eviksyon.

Apré Kay la Fin-n Van-n bay on Nouvo Mét, Èske Mwen Peye Ansyen Mét Kay la?

- Apré kay la fin-n van-n nan “foreclosure sale,” ou pa bezwen peye lweyaj a ansyen mét kay la.
- Apré “foreclosure” la, anba banyé “Protecting Tenants in Foreclosure Act,” nouvo mét kay la pran plas ansyen mét kay la, alò ou dwe peye lajan lweyaj ou bay nouvo mét kay la. Li tré empòtan ke ou mande pou prév kote ou ka verifye si li se mét kay la tout bon.

Ki Sa Mwen Dwe Fé Si Nouvo Mét Kay La Mande Mwen Si Mwen Vle Rete?

- Gendeka, nouvo mét kay la pral mande ou si ou vle kontinye abite nan propriete a. Si nou pa ka dakò, nouvo mét kay la paka fòse ou sòti lé li chanje seri kay la o sinon koupe itilite ou. Si nouvo mét kay la eseye mete ou deyò nan fason sa-a! Refere ou tou nan ti livré nou, ki rele ‘What to Do if Your Landlord Locks You Out or Turns Off Your Utilities.’
- Ou ta dwe mande pou prév ke li se nouvo mét kay la anvan ou kòmanse peye li lweyaj. Prév sa-a ka ansyen lét ke ansyen mét kay ou a te voye pou ou enfòme ou ke gen on nouvo mét kay, ou ka verifye Referans Propriete a nan Sit Enténèt Biro “County Clerk” la, o sinon si ou gen dout serye, ou ka rele la polis pou konséy.

Legal Services of Greater Miami, Inc.

Main Office

3000 Biscayne Boulevard
Suite 500
Miami, Florida 33137
Telephone: (305) 576-0080
TTD: (305) 573-1578

South Dade

10720 Caribbean Boulevard
Suite 400
Miami, Florida 33189
Telephone: (305) 232-9680
TTD: (786) 242-0207

Monroe County

Telephone:(877)715-7464
TTD:(877) 715-7461



Devwe Li Avék Pasyon Pou Jistis Pou Tout Moun

Rev 10/2009